# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәмде Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясының Меҳрибанлық үйлеринде ўатанды сүйиўшилер-спорт топарларын шөлкемлестириў ҳаққындағы 2021-жыл 12-апрельдеги 25-қ/қ 10-санлы қоспа қарарының орынланыўын тәмийинлеў ҳаққында**

Меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшыларының спорт ҳәм әскерий тараўға қызығыўшылығын арттырыў, әскерий-ўатанды сүйиўшилик руўхында тәрбиялаў, оларда ана Ўатанға садықлық сезимлерин қәлиплестириў ҳәмде республиканың жоқары ҳәм жоқары әскерий билимлендириў мәкемелерине оқыўға кириўи ушын жетерли билимге ийе, қәбилетли жасларды системалы түрде таярлаў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясының Меҳрибанлық үйлеринде ўатанды сүйиўшилер-спорт топарларын шөлкемлестириў ҳаққындағы 2021-жыл 12-апрельдеги 25-қ/қ 10-санлы қоспа қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. «Меҳрибанлық үйлериниң ўатанды сүйиўшилер-спорт топарлары ҳаққындағы нызам» қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Хожели районлық 1-санлы Меҳрибанлық үйинде ўатанды сүйиўшилер-спорт топарлары шөлкемлестирилсин.

4. Меҳрибанлық үйи ўатанды сүйиўшилер-спорт топарларының ўазыйпалары етип төмендегилер белгиленсин.

жоқары руўхый-ағартыўшылық пәзийлетлерге ҳәм ўатанды сүйиўшилик сезимлерине ийе интеллектуал раўажланған жасларды тәрбиялаў;

ана Ўатан келешеги ушын өзине жуўапкершиликти сезине алатуғын, Ўатан намысын қорғаўға таяр, қатаң пуқаралық позициясына ийе жасларды таярлаў;

тәрбияланыўшыларда әскерий миннет ҳәм әскерий хызметти өтеўде зәрүр болатуғын профессионал әскерий ҳәм дөретиўшилик көнликпелерди қәлиплестириў;

тәрбияланыўшыларды «Темурбеклер мектеплери» әскерий академиялық лицейлери ҳәм Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы Әскерий-техник институты ҳәмде басқа жоқары әскерий билимлендириў мәкемлерине оқыўға кириўи ушын мақсетли таярлаў.

5. Республикалық оқыў-методикалық орайы (Қ.Жубанов)на ҳәм Балаларды социаллық қорғаў ҳәм қоллап-қуўатлаў бөлими (А.Аймуратов) не:

еки ҳәпте мүддет ишинде ўатанды сүйиўшилер-спорт топарлары ушын оқыў реже ҳәм оқыў бағдарламаларын ислеп шықсын.

6. Хожели районлық 1-санлы Меҳрибанлық үйи директоры (С.Сон) на:

2021/2022-оқыў жылынан баслап тәрбияланыўшылардың қызығыўшылығынан келип шығып, Меҳрибанлық үйинде ўатанды сүйиўшилер-спорт топарларын шөлкемлестириў илажларын көриў;

ўатанды сүйиўшилер-спорт топарларындағы тәрбияланыўшылардың қосымша түрде билим алыўлары ушын жетерли шараятлар жаратыў, сондай-ақ, олардың аймақлардағы тарийхый естеликлер, музейлер, зиярат орынлары ҳәм дыққатқа ылайық орынларға турақлы саяхатларын шөлкемлестириў;

7. Хабар-коммуникация технологияларын ен жайдырыў ҳәм раўажландырыў бөлими (Р.Худайбергенов) не.

белгиленген тәртипте ўатанды сүйиўшилер-спорт топарларын жоқары тезликтеги Интернет жәҳән хабар тармағына толық жалғаў ҳәм тәрбияланыўшылардың турақлы түрде пайдаланыўларын тәмийинлеў;

8. Руўхый-ағартыўшылық тәрбия ҳәм мектептен тысқары билимлендириў бөлими (Р.Таңирбергенов) ҳәмде “Ёшлик” дене-тәрбия ҳәм спорт жәмийети бөлими (Б.Байниязов) не.

ўатанды сүйиўшилер-спорт топарларындағы тәрбияланыўшылардың интеллектуал, физикалық ҳәм дөретиўшилик қәбилетлерин раўажландырыўға мөлшерленген ҳәр қыйлы дөгереклер, қызығыўшылықлары бойынша клублар, спорт секцияларын шөлкемлестириў ўазыйпалары тапсырылсын.

9. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALIQ BILIMI VAZIRLIGI
QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Нөкис қаласы
2021-жыл 14 - Апрель
№ 103